



Ranplasman Pon PFC Ralph T. Basiliere

Sa k ap fèt?

MassDOT pral òganize yon reyinyon enfòmasyon piblik an dirèk ak an pèsòn, pou bay manm kominote a yon chans pou yo aprann sou faz konstriksyon ranplasman Pon Private First Class (Sòlda Premyè Klas) Ralph T. Basiliere, ki janbe Wout Nasyonal 125 (State Route 125) la, ke nan zòn lan yo rele Bridge Street, ki travèse Rivyè Merrimac (Merrimac River) ak Ray Tren Bradford la (Bradford Rail Trail) ant anba lavil Haverhill ak katye Bradford la. Nan reyinyon an, MassDOT pral prezante kalandriye ak diferan etap konstriksyon yo, mezi ke yo pran pou ede pwojè a pa deranje vwazinaj la, epi devlopman nan aparans pon an ki soti nan pwosesis konsepsyon-konstriksyon an. Aparans jeneral pon an ap kontinye montre sa ki te devlope atravè yon pwosesis piblik solid avèk kominote Haverhill la, ak ladan yo akad yo, yon pwendvi santral ki gen limyè epi re-itylizasyon twati tou ki egziste nan pon an nan Bradfor Rail Trail Park, men, materyo pwensipal konstriksyon an se pral asye, e non pa beton, sa ki pral lakòz fasilite konstriksyon ak liy vizyon pi degaje.

Kijan sa ap afekte w?

Pwojè yo pwopoze a gen ladann ranplasman konplè Pon Basiliere la. Konstriksyon an pral fèt pa etap pou kenbe yon vwa sikilasyon nan direksyon Bradford ak yon vwa nan direksyon anba lavil Haverhill, ak yon twotwa. Kèk fèmti pon an lan nwit epi pandan wikenn kapab nesesè nan sèten moman pou asire sekirite piblik. MassDOT ankouraje tout manm kominote a yo ki enterese pou yo patisipe epi aprann plis sou pwojè sa a.

Kilè

JEDI 5 MAS 2026
6:00 PM

Kibò

PINNACLE AT HARBOR PLACE
2 MERRIMACK STREET, 3rd FLOOR
HAVERHILL MA 01830



Pou asire ke reyinyon an aksesib, MassDOT ap bay si sa rezonab: sèvis tradiksyon, entèpretasyon, modifikasyon, amenajman, fòm altènatif, epi éd ak sèvis oksilyè. Pou mande sèvis sa yo, tanpri kontakte Responsab Divèsite ak Dwa Sivil MassDOT la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan 857-368-8580 oswa MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Pou gen tan nesesè pou trete demann sa a, tanpri fè li pi bonè posib, ideyalman 10-15 jou avan evenman an.

Demann enfòmasyon sou pwojè a yo ka voye pa imel nan massdotmajorprojects@dot.state.ma.us
Tanpri voye tout deklarasyon alekri ki konsène pwojè a bay: **Carrie A. Lavalley, P.E., Chief Engineer, MassDOT, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: BRIDGE SECTION PROJECT FILE NO. 605304**